ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM

11 апрель 2024 год № 7 (551)



ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ




# ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

МИТАЕВ IЕПА МАХКАХА ВАЬККХИНА –100 ШО!

## 100 ШО ХЬАЛХА, 1924-чу ШЕРАН ОХАНАН БЕТТАН 18-гIа ДЕ –
## *Нохчийн халкъана бала бохьуш деана де….*

**ХАЛКЪАН ДУЬХЬА АРАВАЬЛЛА ВАРА ИЗА…**

**«Советийн Iедална дика накъост хир вара цунах, и тIевирзича, олий, иза Буру-ГIала веача, леррина кечам а бина къамел дан со вахча, ас мел дина къамел дIа а дойъий, сан йерриге ойланца со шех теша а вой бен, чуьра ара ца волуьйтура цо». «Билггал бакъдолуш, Делера цхьа ницкъ болуш стаг вара иза». (Коренев Дмитрий Степанович, Теркан областан «Народная власть» цIе йолуш революцин шерашкахь хиллачу газетан редактор.**

**(Буру-ГIала).**

***Йоккха АтагIарчу историкца-Iилманчица Натаев Сайпуддица цуьнан хиллачу къамелан кийсак).***

ГIеметтахIоьттинчу хенахь цо долийна даккхий мехала гIуллакхаш йукъах а дохуш, Iедало дIавигира и башха стаг – шайх Митаев Iела. Амма бисина цуьнан хьехамаш, цуьнан весеташ вай дехачу деношка кхаьчна. Цо лехнарг, цо сатийсинарг цхьаалла йара: хIусамехь, йуьртахь, кIоштахь, махкахь. Цо кхойкхура Далла гIуллакх даре, къоман гIиллакхашна тешаме хиларе. Цо вай лардира мунепакъаша дуьйцучарах тешарх, царна вешан дегнаш дIаделларх, синош дохкарх. Ишттачу хьолехь Iелин таро йара кIелхьаравала некъ лаха: хьалхара – долуш долчу Iедална тIеверзар, иза шех теша а деш; шолгIа – махкара дIавахар, цхьамогIа политикаша иза дина махиллара; кхоалгIа – Iедална дуьхьал гIаттам айар, гIазот кхайкхош, нохчий герзаца арабахар. Амма царах цхьа а некъ къобал ца бира 1елас. ХIунда? Большевикийн Iедалан сийдацар дукха дика девзинера цунна. Цунна тIеверзар бусалба динах дIакъастар санна лорура цо, ткъа моттаргIанаш лелор Iелица догIуш дацара; махкара дIаваха а, ша резавоций хьалхе дIахаийтинера цо, нохчийн халкъ доцчохь шен дахар ца гора цунна. Амма оцу боьхачу Iедало вала а, вола а ца вуьтура иза…

1924-чу шеран бекарг беттан 18-чу дийнахь, шен халкъ ша бахьанехь хьийза ца дойтуш, Iедалан кара вахара иза… Оцу тIекхачале дукха некъаш а дира цо…, делахь а хIинца вай ала гIертарг кхин ду…

Эвтархо Солтаханан Халад а, Жимчу-АтагIара Юнус а (халкъалахь вевзаш хилла «муо болу Юнус» олуш) набахте Ростов шахьара Iелина тIаьхьа вахана волуш, Iела дукха гIелвелла карийна царна. Юнуса хаьттинера Iеле:

– Деллахь, Iела, ницкъ бо-те х1окхара хьуна, ма гIелвелла хьо? – аьлла.

– Дера кхин ницкъ а ма ца бо суна хIокхара, Юнус. Схьавалийча хиттинарг бен кхин тIехоьттуш хIума а ма дац хIокхара соьга. Вуьшта, дуьненчохь сайн йаккха йисинчу ханна нийат дина марханаш кхобуш вара со, Iуьйранна ах стака, суьйранна ах стака шура а молуш. Сийсара гIена кхоьлах Ташу-Хьаьжий, Кунта-Хьаьжий, Iавдий веана, Iаж боуьйтуш, кхидIа кхаба бакъо йац хьуна, аьлла дастийти цара соьга марханаш.

Iавдас «мухIажар Юнус» олуш цIе йоккхуш вар-кха хьо, нагахь цо ма вийццара мурид хьо велахь, оцу Iожан хьожа йан йеза-кх хьуна, Юнус, – элира Iелас.

– Деллахь, Iела, тхо новкъадовлуш, хьох дагадовлар дехнера тхоьга вайн муридаша, алссам ахча делча, дIахоьцур вацара-те хIокхара хьо? Нохчаша иза гулдийр ма дара, хьаьнга, мичахь, хIун дийца деза ахь тхоьга хаийтича, - элира Халада.

– Къахьега а ца оьшу, Халад, – жоп делира Iелас, – шайна мел дукха даьхни делча а, хIинца дIахоьцур вацара со х1окхара.

Аш-м ахча боху, – кхидIа а элира Iелас, – хIинца вай тIехь лаьттачу хIокху дуьненан бухахь (вукха агIор – З.М.) Iамарк пачхьалкх йукха, оцу пачхьалкхан дерриге а деши-дети шайна делча а, араволуьйтур вацара со хIокхара. Ца вевзачийн карара вели со, вевзачийн кара веа со, эрна ду, Халад, эрна ду, къахьега а ца оьшу, – аьлла, жоп делира Iелас.

– Амма, бакъду, – тIетуьйхира йуха, жимма соцунгIа а хилла, – цхьа дош вай аьлча, Донал сехьара мохк (Юго-Восточни округах иштта олуш хилла хIетахь вайнаха – З.М.) вайга схьа а луш, паччахь вина охьа-м хаавора со хIокхара. Юнуса сихха хаьттинера:



– Ва Iела, ала мегар дацара и тIаккха?

– Мегар дац, Юнус, мегар дац, вайна мегар дац, – элира Iелас, – багахь дIааьлла даьлча, дакъаза валаран мухIар дагтIе таIор долуш мухIар ду (коммунист вала бохург хилла иза – З.М.).

Тхан дас Джунайда сихсиха дуьйцура Халадан, Юнусан хIетахь Iелица хилла и къамел. Эххар ас сайн дега Джунайде хаьттира айса дагахь къийлинарг:

– ХIунда аьлла-те Велис оццул тIечIагIдеш и мегар дац? Цул а гIоле дацара цунна оцу аьттонех пайда а эцна, шен дахар а, цул тIаьхьа дуккха а нехан дахар а лардинехь?

Джунайда иштта элира соьга:

– Вели а (Iела), цуьнан да Iавда а эвлайааш ма хилла, шайна тIаьхьа бозуш ээарнаш муридаш а болуш. Нагахь цо и динехь, муьлххачу хенахь а тIехтохам хир бара хIума ала гIертачеран, шайх муха хуьлу коммунист а волуш, шен халкъ хIаллакдечу Iедална коьртехь а волуш, аьлла. Оцу Делан мостагIашца цхьаьна дIавахалур вацара иза, йа и цуьнан некъ а бацара, халкъах катоха кечделла дара хIетахь Iедал. Ткъа Велин шен дуьхьа цхьа а хIума дацара, шен халкъан дуьхьа, Делан некъа тIехь и нисдан араваьлла лелаш вара иза, – аьлла… Вуьшта, бакъдерг аьлча, тешаме а бацара муьжгий, шайн даша тIехь чекхбовла; тешнабехках, йамартлонах буьзна бара. Велина дика бевзара уьш.

Суна и нийса а хийтира. Iелин дешнаша дика гойту, ша боккхуш берг хIун ког бу йуьхьанца дуьйна цунна хууш хилла хилар. Амма, тIаккха а, шен халкъан цхьа тIадам цIий ца Iанош, мунепакъийн каравахара иза. Цуьнан векал ву ша бохуш, халкъ дуучех вацара Митаев Iела, цуьнан векал ша вуй а хууш, Делан дуьхьа, шен халкъан дуьхьа вала резаверг вара иза, шен халкъ хьеха а хIунда дора, кхечу къаьмнийн векалийн цIийн цхьа тIадам Iанор бу цо аьлла, бохуш хезна меттиг йац цкъа а, цхьана а меттехь а.

Масала, Теркайистехь нохчийн йарташна ха деш болчу хенахь кхойкхий балабора цо гIалагIазкхийн эпсарш, шен чIагIонаш, герз гойтура царна. Уьш кхерор дацара иза, мелхо а ларбар дара. ХIумма а сонта боцу гIалагIазкхий дика кхеташ а хилла хир бу оцу тактиках.

«МостагIчуьнца а мегар дац тешнабехкаца тIом бан», – олура Iелас. Дахаран оцу халчу муьрехь дукха меттигаш йаьхкинера, оцу кепара тIелатар дан кечбелла болчу тIемалошна Iелас дуьхьало йеш, царна и бакъо ца луш, мел чIогIа и аьтто болуш нисделлехь а.

Цкъа цхьана дийнахь Iела уллехь воцуш цуьнан тIемалошна гина дIахьаьжча, хIорш севццачу берда йисттехь кIайэскар садоIуш, йуучу хIуманна кечамбеш. ТIемалоша сацам бина, цхьа а топ ца кхуссуш, тIулгаш чу хаьхкина, хIаллакбийр бу вай уьш, аьлла, тIулгаш тIегулбеш бохкуш. Эцца веана кхаьчна Iела.

– Шу хIун деш дохку?! – хаьттина Iелас. Оцу бухахь кIайэскар ду, хIара тIулгаш тоьхна, уьш хIаллакбан гIерта тхо, – аьлла цара.

ЧIогIа оьгIазвахана:

– Аш хIун леладо?! Мегар ма дац и! МостагIчуьнца а мегар дац тешнабехкаца тIом бан! Дала кхоьллина адамаш ма ду уьш. Холла дезаш ца хиллехь, Дала кхуллур ма бацара уьш! Маггане а мегар дац!– аьлла совцийна Iелас тIемалой.

***М. Заурбеков***

НАША ИСТОРИЯ

## 13 АПРЕЛЯ 1794 ГОДА УШЕЛ ИЗ ЖИЗНИ ПЕРВЫЙ ИМАМ КАВКАЗА – ШЕЙХ МАНСУР

**13 АПРЕЛЯ 1794 ГОДА УШЕЛ ИЗ ЖИЗНИ ПЕРВЫЙ ИМАМ СЕВЕРНОГО КАВКАЗА ШЕЙХ МАНСУР (УШУРМА).**

Шейх Мансур (1765 – 13 апреля 1794) – военный, религиозный и политический лидер кавказских горцев. Один из видных деятелей русско-кавказской войны (1785–1791 гг.), национальный герой чеченского народа. Возглавив в 1785-1791 годах национально-освободительную борьбу народов Северного Кавказа, он одержал немало исторических побед над царскими войсками.

Шейх Мансур (тур. «победоносный»), настоящее имя которого было Ушурма, родился в 1765 (по другим данным – 1760) году в селении Алды. Чеченец, происходил из тейпа Элистанжхой. Отец Мансура Шаабаз был родом из села Элистанжи. Некоторое время семья жила в селе Хаттуни, затем обосновалась в селе Алды, где и родился Мансур.

В конце XVIII века он начал проповедовать свое учение среди чеченцев и возмутил их против России. Посланный для захвата Шейх Мансура и его единомышленников небольшой отряд под началом полковника Пиери потерпел при селении Алды 6 июля 1785 г. совершенное поражение. Успех этот побудил Шейх Мансура предпринять ряд наступательных действий против укреплений и станиц Кавказской линии. Гарнизоны, занимавшие укрепления от Моздока до Владикавказа, не были в состоянии защитить дорогу в Грузию от нападений со стороны чеченцев. Вследствие этого в 1786 г. только что возведенные укрепления (Потемкина, Григориполь,



Владикавказ) были оставлены и гарнизоны выведены на линию. Распространившись среди кабардинцев и закубанцев, движение охватило весь Северный Кавказ. Борьба с ним и явившимися к нему на помощь турками во время второй турецкой войны 1787-1791 гг. потребовала больших усилий и стоила многих жертв. Несколько удачных походов на берега Кубани, а главное - победа 30 сентября 1790 г. генерала Германа над многочисленным отрядом турецкого паши Батал-бея, сломили силу Шейх Мансура и дали перевес царским войскам.

Шейх был захвачен в плен в бессознательном состоянии 22 июня 1791 во время осады русскими войсками причерноморской крепости Анапа. На «суде» Мансуру предлагали в обмен на свободу признать свою борьбу «злодейством по принуждению», но Шейх ответил категорическим отказом и заявил, что если он сможет вырваться на свободу, то примется за борьбу с ещё большей силой.

Мансур отверг все предложения и 15 октября 1791 года секретным рескриптом Екатерины II был заключен в Шлиссельбургскую крепость «за возбуждение народов гор против России и причинение большого ущерба империи». Страшные тюремные условия, тоска по воле сделали свое дело: Мансур заболел быстротекущей чахоткой и скоропостижно скончался в крепости (по другим данным – в Соловецком монастыре) 13 апреля 1794 года. Тело его было ночью погребено на Преображенской горе.

Шейха Мансура очень почитали кавказские народы, которые слагали о нем песни, восхваляющие его героизм и стойкость в отражении царской агрессии.

***ИА «Грозный-иноформ»***

ТАХАНА ПОЬМЕРЕХЬ

### 2-гIа агIо

**МАРХИЙН БАТТАХЬ IАМАЛ**

«Йан хала а йоцуш, йича йоккха йал а хир йолуш Iамал. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Iамийна долчу доIанах дуьйцур ду вай тахана. Шена тIехь декхар долуш, оцу декхаро гIайгIане вина, охьатаIийна, шен дерриге а самукъа дIадаьккхина волчу стагана хьехна долу доIа хьахор ду вай. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша а хилла даима а декхарх ларлуш...»



### 3-гIа агIо

**НУСАЙБА БИНТ КААБ - САМАЯ ХРАБРАЯ СПОДВИЖНИЦА В ИСТОРИИ ИСЛАМА**

«Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) окружали сподвижники – мужчины и женщины, вера которых была непоколебима, а преданность Аллаху и Его Посланнику (да благословит его Аллах и приветствует) безгранична. Они отличались смелостью, щедростью, состраданием и благородством...»



### 4-гIа агIо

**НА ЗАПРЕТНУЮ РОДИНУ С ФИЗКУЛЬТ-ПРИВЕТОМ**

«Чеченца Хусейна Бетишева и его друга ингуша Эрку Ведзижева в 1954 году из Казахстана отправили в Грозный на соревнования по боксу. Но это был нонсенс, роковая ошибка трен ера, не могло, не должно было такое случиться - депортированным запрещалось посещать землю предков. И с каким трепетом их с баночкой земли с родины встречали земляки в Казахстане...»



В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ХАА ХЬАКЪ ВУ ХIОРА БУСАЛБА СТАГ

# МАРХИЙН БАТТАХЬ IАМАЛ

**АЛЛАХIАН ПУРБАНЦА, ЦУЬНГАРА ГIО А ЛОХУШ, ЦУЬНГАРЧУ КЪИНХЕТАМЕ, ГЕЧДАРЕ СА А ТУЬЙСУШ, МАРХИЙН БАТТАХЬ ПАЙДЕ ХИР ЙОЛЧУ IАМАЛЕХ ЛАЬЦНА ДУЬЙЦУР ДУ ВАЙ, ДАЛА МУКЪ ЛАХЬ**

*Йуьхь – №6 (5650)*

АIУЗУ БИЛЛА́ХIИ МИНАШШАЙТIО́НИ-РРОЖИМ БИСМИЛЛА́ХIИ-РРОХЬМА́НИ-РРОХЬИ́М АЛХЬАМДУЛИЛЛА́ХIИ РОББИЛ IАЛАМИ́Н

**8-ГIА ДЕ. БАРХIАЛГIА IАМАЛ.**

Йан хала а йоцуш, йича йоккха йал а хир йолуш Iамал.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Iамийна долчу доIанах дуьйцур ду вай тахана. Шена тIехь декхар долуш, оцу декхаро гIайгIане вина, охьатаIийна, шен дерриге а самукъа дIадаьккхина волчу стагана хьехна долу доIа хьахор ду вай. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша а хилла даима а декхарх ларлуш. И мел чIогIа ларлуш хилла декхарх аьлча, сахьабаша оцу белхан дукха тидам бина, хьаттина цуьнга: ХIай Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), даима а декхарх ларвехьа бохуш, Деле доIанаш деш ву-кх хьо. «Декхаро стаг вуно чIогIа гIайгIане вой, дерриге а дуьненан самукъа дIа а доккхий стаг охьатаIаво» – жоп делла Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

Хьадисехь дуьйцу, цхьана дийнахь маьждига чуваьлла хилла Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна). Цу чохь Абу Умаматах (Дела реза хуьлда цунна) бIаьрг кхетта цуьнан. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьаттина цуьнга:

– ХIай Абу Умамат, цхьа а хан йоцчу хенахь маьждига чохь ма го суна хьо, хIумма а-м ца хилла?

– ХIай Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), декхаро хьовзийна, цуьнан гIайгIа йоккха йолуш, оцу балхо охьатаIийна ву-кх со, - аьлла жоп делла Абу Умамата.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла цуьнга:

– Абу Умамат, ас цхьа дика, беркате доIа Iамадей хьуна, ахь и деш хилахь, хьуна тIера декхаран бала, гIайгIа, сингаттам дIа а бер болуш?

Иштта, шен и бала базбелла, холчахIоьттина волчу Абу Умамата, оцу балхах дукха тIех самукъадаьлла сихха олу:

– Дийцахьа, Iамадехьа суна, хIай Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

– ХIай Абу Умамат, хьо Iуьйренга ваьлча а, хьо суьйренга ваьлча, хIара дешнаш ала ахь:

АллохIумма инни аIузу бика миналь хIамми валь хьузни, ва аIузу бика миналь Iажзи валь касаль, ва аIузу бика миналь жубни валь бухли, ва аIузу бика мин гIолабати-ддайни ва къохIри-ррижал

«Йа АллахI, Хьоьца ларло-кх со, тIейогIучу заманна ас йеш йолчу ойланан, ас беш болчу сингаттамана. ДIайаханчу заманан ас йеш йолчу ойланан, ас беш болчу сингаттамана Хьоьца ларло-кх со. Йа АллахI, хьуна Iибадат дан могашалла йоцуш гIийла висарх а Хьоьца ларло-кх со, Хьуна Iибадат дан шовкъ йоцуш, марзо дIайаларх а Хьоьца ларло-кх со. Йа АллахI, сайн сица йолуш йолу къонахалла, доьналла, майралла дIайаларх а Хьоьца лар-ло-кх со. Йа АллахI, Ахь сайна делларг Хьо резаволчу агIор дIахьовзо сайн ницкъ ца кхачарх а, бIаьрмецигаллех а Хьоьца ларло-кх со. Йа АллахI, декхаро гIайгIане, сингаттаме вина, оцу декхаро дукха дазделла и дIа ца далалуш висарх а Хьоьца ларло-кх со. Йа АллахI, сан дан хIума а доцуш, харцонца зуламхоша суна зулам дарх а Хьоьца ларло-кх со».

И доIа Iама а дина, Iуьйранна, суьйранна ахь деш хилахь, Дала хьуна тIера декхар а дIалур ма ду, оцу декхаран халонах а, гIайгIанах а, сингаттамах а хьалхавоккхур ма ву хьо.

Абу Умамата боху, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьехна долу и доIа дан волавелира ша, цул тIаьхьа Дала шегара и гIайгIа а, кийрара бала а, сингаттам а дIа ма баьккхира шена, оццул дукха долу и дерриге а декхар Дала шена тIера дIа а ма делира (цхьана бахьанца).

Цундела, Iуьйранна а, суьйранна а хIара доIа леладе, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) азкарашех ду и.

Ткъа нагахь санна хьайна и деша деха хетахь, хIара доIа мукъане а леладе хьайн дахарехь:

АллохIумма инни аIузу бика мин гIолабати-ддайн

«Йа АллахI, декхар дIа ца далалуш, цо со гIайгIане варх Хьоьца ларло-кх со. Декхар дIадаларна тIехь суна гIо де Ахь, йа АллахI».

ХIоразза айхьа хIара доIа дечу хенахь, ахь дагахь латтаделахь, мел дукха декхар хьуна тIехь хиларх, вай кхоьллина, кхобуш волчу АллахIан хазнаш – уьш кхачор йоцуш дукха йу хьуна.

**9-ГIА ДЕ.
ИССАЛГIА IАМАЛ.**

Йан хала а йоцуш, йича йоккха йал а хир йолуш Iамал.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: ХIара доIа Iуьйранна а, суьйранна а 3-зза деш лелош волчу стагана, цу дийнахь цунна цхьана хIумано зен дийр дац: лазаро, цатемо, сингаттамо. И доIа деш волу стаг а, цуьнан доьзал а, цуьнан хIусам а Дала Iалашйийр ма йу.



БисмиЛЛахIи_ллази ла йадурру маIасмихIи шай-ун филь арды, ва ла фиссамаъ, ва хIува_ссамиIуль Iалим.

«АллахIаца ларло со, И АллахI ву иза, ахь Шега ларвар дехча, йа стиглара, йа лаьттара цхьана хIумано хьуна зен дийр доцуш».

Цхьана кхечу хьадисехь йуха а боху Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна):

БисмиЛЛахIи_ллази ла йадурру маIасмихIишайун филь арды, ва ла фиссамаъ, ва хIува_ссамиIуль Iалим.

«АллахIаца ларло со, Цуьнга ларвар доьху ас, Шеца ахь ларвар дехча, цхьана а хIумано зен дийр доцуш, Массо а хIума гуш, хууш АллахI ву Иза».

Суьйранна хIара доIа кхузза дича, Iуьйре хиллалц ларвийр ву иза Дала цхьа цIеххьаша хуьлучу цатамах, ткъа Iуьйранна и доIа кхузза динарг, сарралц ларвийр ву иза иштта.

Хьалха хиллачу Iеламнаха, дикачу наха, шайн дахарехь цхьа дакъа а дина лелийна ду и дешнаш, хIунда аьлча, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Iамийначу доIане кхочуш цхьа а доIа дац.

Iеламстага Къуртубис (Дала къинхъетам бойла цунах) боху, и дешнаш (доIа) шена хаза ма-хеззинехь схьа а лаьцна, цаьрца Iамал йеш вара ша. Цхьана а хIумано зен дина дац шена, уьш ша лелош мел ву. Цхьана дийнахь Мединатехь а волуш, гезиго (скорпионо) дIовш тоьхна къовзийнера ша, тIаккха ойлане велира ша, и доIа деш а ма вара ша даима а, хIара муха нисделира-те, бохуш. ДIа ойла йича, дагадеара, цу дийнахь и дешнаш ала вицвелла хиллий ша.

ХIара хьадис дийцина волу Абан бин Iусман (Дела реза хуьлда цунна) ша а и доIа лелош хилла. Цхьана дийнахь дегIан меже соцуш долу лазар кхетта хилла цунна. Ткъа цхьана кхечу стагана хезна ма хилла, хIокхо и доIа Iуьйранна а, суьйранна кхузза деш волчу стагана цхьа а цатам хир бац аьлла дуьйцуш. Цецваьлла, шеконца леррина шега иза хьоьжуш вуйла хааделлачу Абана хьаттина оцу стаге: Хьо ма лерина схьахьоьжу, хIумма а-м ца хилла?

Абан кхетта, шега иза шеконца хьоьжуш вуйла. Делора, шен дена тIехь харцо йийцина ма вац ша, и дешнаш цо аьлла ма дара. Йа шен дас Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIехь кхоьллина а ма дац иза. ХIара лазар шена кхеттачу дийнахь цхьана хIумано оьгIазвахийтина вара ша, цундела и дешнаш ала вицвеллера, цу дийнахь хIара лазар кхийтира шех. Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) къамелах шек ма хилалахь, цуьнгара ду аьлла деш долчу шен къамелах а шек ма хилалахь. И доIа долуш ду хьуна, и къамел а долуш ду хьуна, делахь а шена цу дийнахь и доIа дан дагара делира.

Цундела, ницкъ ма-кхоччу шен дахарх хIара доIа дIахоттар барам боцуш пайде ду бусалба стагана, шен дог Делах тешор а долуш.

**10-ГIА ДЕ.
ИТТАЛГIА IАМАЛ.**

Йан хала а йоцуш, йича йоккха йал а хир йолуш Iамал.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира:

Родыту биллахIи Роббан, ва биль Ислами динан, ва би Мухьаммадин набиййан

«АллахI сайн Дела хиларна реза ма хили со, Цунна муьтIахь хиларца. АллахIа со бусалба кхолларна реза ма хили со. Дала Элча Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) пайхамар а ваийтина, цуьнан умматах со кхолларна реза ма хили со».

И дешнаш аьлларг милла а велахь а, йалсамани важиб хир ма йу цунна. И бохург цхьа а шеко йоцуш оцу йалсамана чувохуьйтур ву бохург ду.

Кхечу хьадисехь боху Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): «Цхьана а бусалба стага 3-зза эр ма дац, ша Iуьйренга а, суьйренга а ваьлча, къемата дийнахь, уггаре а цхьа хало чIагIйеллачу хенахь, цхьа кIезиг хилла а йал стенгара хир йара-те, бохуш гатвелла, хьере а хилла хьийзачу дийнахь, оцу дийнахь АллахI Дала цхьа йоккха йал а кечйиний бен, хьуна дагахь доцчу кепара»:

Родыту биЛЛахIи Роббан, ва биль Ислами динан, ва би Мухьаммадин набиййан

ХIун пайда хуьлу и доIа деш лелийча? АллахI Дала йалсамани луш йу хьуна, къематдийнахь, цу дийнан халонна хьо гатвелла хьаьвзина, хьуна уггаре а йал оьшучу дийнахь, ахь цхьана а агIор сатосийла а йоцчу кепара Дала цхьа хаза йал йелла, воккхавевийр ву хьо. Iамал ша йан хала а йац, хIетте а, Дала цунна дуьхьал беш болу бекхам мел боккха, хаза, къинхетаме, ниIмате, беркате бу. Цхьана а дена цхьана а заманахь гина а доцуш, дуьйцуш хезна а доцуш, ур-атталла дагатесна а доцчу ниIматашца хаза бекхам беш бу-кх хьуна АллахI-Дала, хIора Iуьйранна а, суьйранна 3-зза и дешнаш доьшуш волчунна.

Дала Шен къинхетамах ма дохийла вай дуьненахь а, эхартахь а.

**11-ГIА ДЕ.
ЦХЬАЙТТАЛГIА IАМАЛ.**

Йан хала а йоцуш, йича йоккха йал а хир йолуш Iамал.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен йоIана ФатIиматна Iамийна доIа.

ФатIимат (Дела реза хуьлда цунна) вайн Пайхмаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) доьзалх шен кепара схьакъаьсташ хилла, дукхайезаш хилла цунна иза, жимах йерг а йолуш доьзалехь. Шен леларца, боларца вайн Пайхамарех (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уггаре а тера а хилла иза халкъалахь а, доьзалехь хилла а ца Iаш.

ФатIимат шен дех мел чIогIа тера хилла аьлча, цунах лаьцна дуьйцу Iаишата (Дела реза хуьлда цунна): ФатIимат йолайелча, цуьнан болар шен ден Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) боларх цхьана а кепара къаьсташ дацара. Шен лелар, гIиллакх, хьежам, хьежар хилла ца Iаш, ур-атталла болар а дечух тера хилла-кх цуьнан. Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) доьзалех шайн да хилла ца Iаш, Умматан да волу Элча дIакхалхаран хало, сингаттам, и беза бала лайнарг ФатIимат бен йац, бисина доьзалш берриге а Элча дийна а волуш дIакхелхина. Иштта вайн сийдолчу Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хилла: ФатIимат шех цхьа да́къа ду шуна. Варийлаш цунна цатам ма белаш. ФатIиматана цатам бинчо, баккъал а шена цатам бина шуна цо.

Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) дуьйцу: ФатIимат хIоразза а чоьхьа мел йолу, хьала а гIоттий, дуьхьал а воьдий, цуьнан хьажа йуккъе барт а боккхий, йуха иза ша́ хиъна Iаш хиллачу метте «схьайоьл сан ФатIимат», – олий, иза шена тIех дукхайезар гучадоккхуш, шен метте охьа а хааййой, цул тIаьхьа ша́ охьахууш хилла Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

ХIокху дийцаршкахь вайна керла доIа Iамийна а ца Iаш, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен йоIаца муха хаза гIиллакх лелийна, шена дукхайезаш йолу, и шен деган стом, йалсаманехь зударийн эла хир йолчу ФатIиматах, цуьнан шен дех тера хиларан куьцех, иштта Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) иза шен девешин кIанте, Делан лом ду аьлла шен накъосташлахь билгалваьккхина волчу Абу ТIолибан кIанте Iеле хIусамнана йина ФатIимат дIайалар. ФатIимат Iеле йоьдучу хенахь цуьнан I8 шо хилла, ткъа Iелин 23 шо.



Iели шега ФатIимат Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) йаийтарна барам боцуш воккхавеш хилла, цунах дозалла деш олуш байташ а йолуш: Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен девешин кIант а ву иза, шен стунда а ву иза, гIазотийн эла волу Хьамзат шен деваша ву, Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уггаре а хьоме йолу йоI ФатIимат шен хIусамнана йу, шен дерриге а дуьненан синтем бу иза, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) йоьIан ши кIант Хьасайн, Хьусайн а оцу Пайхамаран уггаре а дукхайезаш йолчу йоIа вина шен ши доьзалхо а ву. ТIаккха вуй шух цхьа а Дала шена дина дика дина, иштта комаьршо йина?!

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) оццул чIогIа шена дукхайезаш йолчу йоIе весет деш, цунна Iамийна долу доIа ду хIара. Дас шен дукхайезачу йоIе уггаре дикачу, тоьллачу, хазачу, пайдечу хIуманца бен дийр ма дац хьехар, весет.

«Ахь дикка ладогIа шен деган стом ФатIимат, ас цхьана дикачу хIуманца весет дийр ду хьоьга. Хьо Iуьйренга а, суьйренга а йаьлча хIара дешнаш алалахь, ФатIимат, хIорш вуно чIогIа дика дешнаш ду хьуна, весет деш боху хьоьга уьш леладарца»:

Йа Хьаййу, йа Къоййум, бирохьматика астагIису, аслихь ли шаьни куллахI, ва ла такильни ила нафси тIорфата Iайн.

«ХIай даима а дийна Верг, йа АллахI, хIай цкъа а дIавер Воцург, дерриге а халкъ Iалашдеш, и халкъ Хьайга хьашт Дерг, Хьан къинхетамца гIо лоьху-кх ас Хьоьга, йа АллахI. Йа АллахI, сан дерриге а гIуллакх тодахьара Ахь. Ас са мел гатдеш долу хIума, сан дегIаца, могашаллица, дагца, сица, дахарехь, хIусамехь, массо хIума а йа АллахI нисде Ахь, дIахIоттаде Ахь. Йа АллахI, бIаьрган негIар тухучу заманна а сайн дегIа тIе ма товжавахьара Ахь со! Йа АллахI, соьгахь цхьа а ницкъ а бац хьуна, со къера ву хьуна сайн гIелаллина, Хьан къинхетаме, Хьан гIоьне хьашт а ву хьуна со. Даиманна а сан гIуллакх тодахьара Ахь, йа АллахI».

ХIора Iуьйранна а, суьйранна и дешнаш доIанца леладелахь шен ФатIимат, Дала шен кепара гIуллакх тодийр ду хьуна хьан, аьлла Делан Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

**12-ГIА ДЕ.
ШИЙТТАЛГIА IАМАЛ.**

Йан хала а йоцуш, йича йоккха йал а хир йолуш Iамал.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) боху, бусалба стага кхузза йалсамани йоьхур ма йац, оцу йалсаманино аьллий бен, АллахI-Деле кхойкхуш: «Йа АллахI, чуваийтахьа иза суна, лохьа цунна со, чIогIа суна чуваре сатесна ву иза, ма чIогIа со йоьхуш ву иза, сан ниIматаш Iовшийтахьа цунна!». Иштта бусалба стага Деле кхузза доьхур ма дац: «Йа АллахI, жоьжахатех ларвехьа со!», цул тIаьхьа жоьжахатино аьллий бен: «Йа АллахI, ларвехьа иза сох, гена ваккхахьа иза суна, ма далийтахьа соьга цунна Iазап, ца лаьара-кх суна цунна Iазап дала. ЧIогIа сох кхехкаш ву-кх иза, ма чIогIа ша сох ларвар доьху цо, йа АллахI».

Кхечу хьадисехь аьлла Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна). Цхьа стаг веана хилла Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIе, цо элира:

АллохIумма инни асалукаль джаннахI, ва астажиру бика минаннар

«Йа АллахI, йалсамани лохьа суна, жоьжахатех ларвехьа со, олу-кх ас. ХIай Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), хьуна санна иштта хаза доIа дан-м ца хаьа суна, делахь а сайн хуург доьху-кх ас, иштта йалсамани а йоьху ас, жоьжахатина гена ваккхар а доьху».

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла цуьнга: «И ду-кх ас доьхуш дерг а, иштта йалсамани а йоьху ас, жоьжахатех ларвар а доьху Деле. Айхьа ма-дарра доIа делахь», - аьлла.

Цундела, Iеламнаха аьлла, дийнахь кхузза йалсамани а, цуьнан ниIматаш а деха, кхузза жоьжахатин Iазапах ларвар, цунна генаваккхар деха, аьлла.

Доккха ниIмате, беркате доIа ду хIара.

**I3-ГIА ДЕ.
КХОЙТТАЛГIА IАМАЛ.**

Йан хала а йоцуш, йича йоккха йал а хир йолуш Iамал.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

Ла илахIа иллаллохIу вахьдахIу ла шарика лахIу, лахIуль мульку ва лахIуль хьамду ва хIува Iала кулли шай-ин къодир.

Ша Iуьйренга ваьлча, I0-зза и дешнаш аьлларг милла велахь а, ИсмаIил пайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) цIийнах волу, цуьнан доьзалех волу лай хьалха витича санна йал хир йу цунна. Башхалла а йац, хьуо сама ма-ваьллинехь доьшийла ахь иза, йа ламаз а эцна, хан хиларе хьоьжуш Iаш волуш, йа Iуьйра ламаз динчул тIахьа паргIатехь доьшийла.

Кхин хIун йал йу боху Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цо и дешнаш I0-зза алар бахьана долуш, Дала I0 дика ду цунна дIайаздеш, I0 вон (къа) ду цунна тIера дIадойуш. ХIоразза цо и мел олу цхьацца даржехь сов воккхуш, итт дарж ло. Иштта шайтIанан мекарлонах, зенах, вонех ларвеш ву иза кхоьллинчу Дала ша суьйренга валлалц. Ткъа сарахь цо I0-зза и аьлча, Iуьйра ламаз хан хиллалц изза йал хуьлу цунна, массо а вочу балхах ларвеш, диканашкахь, даржехь сов воккхуш.

Иштта цхьана кхечу хьадисехь ИсмаIилан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) доьзалех 4 доьзалхо лоллех кIелхьара ваьккхина маьрша витича санна, оцу кеппара йал хир йолуш ду хьуна ахь I0-зза и дешча, аьлла Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

Кхин а чIогIа ду, цхьана кхечу хьадисехь боху Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): «Бусалба цхьа лай маьрша ваьккхинарг и милла велахь а, Дала оцу лен хIора меженна тIера кхуьнан меженаш жоьжахатех кIелхьара йоккхур йу».

Дийнахь I0-зза и тасбихь дича ИсмаIила (Делера салам хуьлда цунна) доьзалех лай хьалха витича санна йал луш йу хьуна. Ткъа хIора лай хьалха витина стаг АллахI-Дала жоьжахатех хьалха вуьтуш ву.

**I4-ГIА ДЕ.
ЙЕЙТТАЛГIА IАМАЛ.**

Йан хала а йоцуш, йича йоккха йал а хир йолуш Iамал.

Бухарис (Дала къинхетам бойла цунах) даладо шен жайнахь, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша дIавуьжучу хенахь олура аьлла:

АллохIумма бисмика ахьйа ва амуту

«Йа АллахI, Хьан цIарца дIа а вуьжу со, Хьан цIарца сама а волу (хьала а гIотту)».

Вайн дайшакара дуьйна схьа вай деш долу доIа ду иза нохчийн маттахь, вайн сих кхетта. Делахь а кхин гуттар а дика хир ду, Iаьрбийн маттахь хьалхара а далош ахь хьуо дика кхеташ волчу хьайн ненан маттахь тIе а олуш, вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен беркатечу, хазачу, говзачу, ниIмате болчу маттаца ма-аллара ахь далийча.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) валар хIунда хьахийна кхузахь аьлла хаттар кхоллало. Стаг дIавуьжучу хенахь кхетамчуьра волуш ву, цунна ша хIун леладо ца хаьа, иэс дIадолу. Цундела, и наб кхетар валарх терра лерина ду Iеламнаха. Кхин гуттар а хаза а, дика а, тоьлаш а хир ду, бусалба стага шен ламаз а эцна, ламаз эцарехь вай хьалха а билгал ма-даккхара оцу меженашна тIерачу дерриге а кегийчу къиношна гечдеш ду, ткъа и ламаз а эцна 2 ракIат ламаз дича 8 а йалсаманин неIарш схьайоьллур йу олуш. Иштта шен аьтто агIо тIе дIа а вуьжуш и доIа цо дича, шен де АллахI хьехорца чекх доккху цо. Цул тIаьхьа ша сама волучу хенахь олуш:

АльхьамдулиЛЛахIи-ллази ахьйана баIда ма аматана ваилайхIи-ннушур.

Йа АллахI, хастам Хьуна бу-кх, дIадийшинчул тIаьхьа тхо йуха сама даьхна волчу, Хьоьга доьрзур долуш а дукх тхо (тхо дIакхалхор долуш волу Эла ву-кх Хьо).

ТIаьххьара а цхьана дийнахь иштта дIадийшинчура самадевр долуш дац-кх вай хIокху дуьненахь, наб кхетча санна валар Iовшур ду хIораммо а. Амма, йуха дендина гIовттор долуш ду-кх цу халачу, доккхачу Къематдийнахь (Дала Шен хаза, боккха къинхетам бойла вайх цу дийнахь).

Доцца аьлча, хьо кхоьллина, кхобуш, Шега дерзор долуш волу Эла хьехош, Цуьнан цIарца дIа а вуьжу хьо, Цуьнан цIарца хьала а гIотту, хьайн керла де Делан цIарца дIа а доладо ахь. Хастам бу АллахI-Далла вай Ша цхьаъ веш кхолларна.

03 →

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ХАА ХЬАКЪ ВУ ХIОРА БУСАЛБА СТАГ

# МАРХИЙН БАТТАХЬ ІАМАЛ

←02

### I5-ГIА ДЕ. ПХИЙТТАЛГIА IАМАЛ.

Йан хала а йоцуш, йича йоккха йал а хир йолуш Iамал.

Абу-Дарра (Дела реза хуьлда цунна) дуьйцу, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира аьлла: «Муьлххачу хьолехь велахь а хьо кхоьллинчу АллахIах кхоьруш (Цо де бохург деш, дита бохург дуьтуш) хилалахь. Гаттонехь, халонехь хуьлийла хьо, йа паргIатонехь, маршонехь хуьлийла. Хьо кхоьллина Дела вицвина ма лелалахь. Нагахь санна, цхьа Iеса хIума долий хьоьгара, цунна тIаьххье дика Iамал йелахь. Оцу дикачу Iамало ахь дина Iеса хIума дойур ду хьуна (Делан пурбанца)». Нахана йуккъехь хьо лелачу хенахь хазачу гIиллакхца ваза хьо, гуттара а хаза, кIеда гIиллакх леладе ахь.

Хьайгара муьллха вон, Iеса болх боьжний, цунна тIаьххье дика де ахь, и Iесалла, Дала гечдина, дIайойур йу хьуна, цунна каппарат хилла хIуттур бу хьуна и дика болх. Уггар а хьалха шегара къа доьжча, сихха «АСТАГIФИРУЛЛАХI» аларца дохко вер ву бусалба стаг, ша ала а олуш: «Делан дуьхьа ма дохковели со, ма



вон ди ас иза, хьаштдоцург ди ас, IадIийна хилла велара со». Иштта ламаз эца йа сагIийна хIума ло, муьлхха а дика Iамал йе боху вайга къа доьжча, вайн халкъалахь эла волчу Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

Дала Къуранчохь а боху:

«Дикачу Iамалша вон Iамалш (белхаш) йойу».

Цунах вайна Дала йуха а пайда ло, хIунда аьлча, и вон къа дIа а дойу ахь, цунна тIаьххье дохковаларца дика Iамал йича, йуха оцу дикачу Iамалх йал а йазйо. Иштта барам боцуш боккха бу Делан Къинхетам. Амма кхузахь вуно чIогIа нийса кхета веза, ас дохко а ваьлла, Деле гечдар а дехна дIадойур ду сайн къинош бохуш, хьайн кайаьлларг леладе бохург данне а дац иза. Массо хIума а къайлах а, гучахьа дерг гуш, хууш волу АллахI цхьана а адаме Iехалур вац. Цхьа шайтIано Iехийна, хьекъал дIадахана, сихаллехь, кхетам чохь воцуш доьжна долу къа (Iесалла) йу йуьйцург. АллахIаца ловзарш, забарш чекхйевр йац. Далла луург - вай нийса бакъ динехь нисдалар, Iесаллина дохкодовлар, баккъал а Шега дерзар, Шех тешар, берриге а белхаш Шена тIе бахкарца, Шега кхойкхуш, хьасталуш, хастамаш беш вай хилар ду.

